Ассаламу гIалайкум!

# ЦIумадисезул гьаракь

(Голос Цумады)

Республика Дагестан

МР "Цумадинский район"

2024 соналъул 18 октябрь Рузман №47 (7861) Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда Багьа 8 гъурущ 12 +

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

Нилъералго рехун толаро

## СВОялда гIахьаллъулезухъе щвана

14 октябралда районалъул бетIер Шамил ГIумаровас къабул гьавуна «Память гор» абураб Дагъистаналъул регионалияб жамгIияб гIуцIиялъул нилъер районалда вугев вакил Сиддикъ Хизриев.



Сиддикъ ккола Хъварщи росулъа. 2023 соналъул байбихьуда жиндиего бокьун ана Украиналда тIобитIулеб хасаб рагъулаб операциялда гIахьаллъизе. Гьенив лъукъун хадув исана августалда рокъове тIадвуссана. Рокъовги хIалхьиялда чIоларо гьев, СВОялда ругел районалъул гIолохъабазе гуманитарияб кумекгун щола гьезухъе. Дагъав цевеги щвана Донецкиялъул рахъалда рагъул цебесеб кьерда ругел нилъер районалъул гIолохъабазухъе гуманитарияб кумекгун, щвезаруна гьезие дронал, генератор, бензопила ва цогидабги къваригIараб-тараб. Гьанже гьесул пикру буго сардилъ камерагун роржунел квадрокоптералги росун гьезухъе щвезе. Рагъухъабазе къваригIараб-тараб босизе кумекалъе сбербанкалда гьес рагьун буго счетги.



«Память гор» жамгIияб гIуцIиялъул районалда вугев вакил хIисабалда гьев дандчIвала СВОялъул гIахьалчагIигун гуревги, гьезул хъизан-лъималгун, эбел-эменгун, лъазабула гьезул рукъалъул ахIвал-хIал, къваригIараб-тараб. Гьезул гIузрабазул ва къварилъабазул бицун щола районалъул нухмалъулезухъеги. Гьединго гьеб жамгIияб гIуцIиялъ ц1ехола СВОялда араб бакI лъачIого тIагIарал ва лъукъарал нилъер гIолохъаби.

Рагъул кьогIлъи бихьарав гьесда лъикI бичIчIулеб буго рагъухъабазда бихьулеб кьоги, гьениб букIунеб ахIвал-хIалги, гьезие къваригIараб-тарабги. Гьезие ва гьезул хъизан-лъималазе кумекалъе гIоло бацIцIадаб нигатгун хIалтIулев вуго Сиддикъ.




Гьал къоязда редакциялде щварав гьес бицана СВОялде гьабураб жиндирго сапаралъул, гьениб бугеб ахIвал-хIалалъул, рагъул битIккеялде ва гьеб нилъеразул бергьенлъиялдалъун лъугIине букIиналда гIолохъабазул бугеб ракIчIеялъул.

Нилъераз ва гьелгун цадахъ ругел рагъухъабаз кIудияб баркала загьир гьабулеб бугин абуна гьес нилъер районалъул захIматчагIазе ва нухмалъиялъе жидер гьабулеб тIалаб-агъазалъухъ ва кумекалъухъ.

**Суратазда:** Сиддикъ Хизриев районалъул бетIер Шамил ГIумаровас тIаде къабул гьавун.

Гъоркьияб сураталда кьегIиса кваранидe СВОялда ругел нилъер районалъул гIолохъаби ТIадгъаквариса Къурбан, ТIиндиса Лечи, ТIадгъаквариса Рамазан, Хъваршиса Сиддикъ ва ТIадгъаквариса Исал.

**ГI. Малачдибиров**

Барки

## Юбилей

16 октябралда гIумрудул 65 сон тIубана райадминистрациялъул хIалтIухъан ТIагьир АхIмадовасул.



Райадминистрациялъул ва муниципалиял учреждениябазул хIалтIухъабаз баркулеб буго ТIагьирида юбилей. Гьарулеб буго гьесие щулияб сахлъи, рохел, аваданлъи, гьабулеб ишалъулъ икъбал.

Аллагьас кидаго букIа абе гьесул рекIелъ рохел, гьурмалъ гьими.

## Дунялалъул чемпионаталда кIиго медаль

Гьал къояздa Хорватиялда ветераназда гьоркьоб тIобитIараб дунялалъул чемпионаталда 130 кг. цIайиялда Агъвалиса ГIабдурашид




Багьавдинов вахьана румазулгун греказул гугариялъул рахъалъ чемпионлъун, гьединго эркенаб гугариялъул рахъалъ кIиабилев призерлъун.

ГIабдурашидил бергьенлъаби ккола гIолилазе мисаллъун-гIумрудул сонazухъ балагьичIого гугаризе ва бергьенлъаби росизе бажарулеблъи.

Баркула ГIабдурашидида щварал бергьенлъаби. Гьарула сахлъи, халатаб гIумру, хадубккунги лъикIал хIасилал.

**Шамил Бадрудинов**

Урожай - 2024

# Агъвали ярмарка

Араб шамат къоялъ Агъвали базаралда тIобитIана «Урожай-2024» абураб росдал магIишаталъул ярмарка. Гьелъул мурадги букIана фермеразул магIишат цебетIеялъе шартIал чIезари, гьеб ишалдехун гьезул гьира базаби ва учузабго багъадухъ гIадамазе росдал магIишаталъул продукция бичи.




Гьенире ахIун рукIана росдал магIишаталъул продукция гIезабулел фермерал, СПКаби ва кумекалъулаб магIишаталъул бетIергьаби. Гьеб тIобитIизе букIин цебеккунго лъазабун букIана газеталдаса ва социалиял гьиназдаса. Хас гьабун базаралда хIадур гьарун рукIана дармил бакIал, гIадамазе ракI гьезабизе гIуцIун букIана кечI-бакъан. Гьеб иш кодобе босарал райадминистрациялъул росдал магIишаталъул отделалъул хIалтIухъабазул жигарчилъиялдалъун даран-базаралъе рачIаразе гIуцIун букIана пулав ва чай.



Радалиса рачIунел гIадамал дагь-дагьккун цIикIкIунел рукIана, амма гьенир гIахьаллъарал фермеразул къадар букIана дагьаб, гьезул жигарчилъиги гьениб бихьулеб букIинчIо. Гьелдасан бихьулеб букIана хIакъикъаталдаги хIалтIулеб фермеразул магIишат районалда цо чанго гурони гьечIеблъи, гIемерисел кагътидаго ругеблъи.

ЛъикIаб хIадурлъигун рачIарал фермерал кIодо гьаруна гIарцулал премиябаздалъун ва грамотабаздалъун. Гьединазда гьоркьор рехсезе бегьула тIоцебесеб бакI щварав Хуштадаса ХIанапов МухIамадил фермерасулаб магIишат, кIиабилеб бакIалъе мустахIикълъарав Инхокъвариса Бадрудинов Заурил кумекалъулаб магIишат, лъабабилеб бакI щвараб «Къеди» СПК (нухмалъулев Хважаков ГIумар) ва ункъабилеб бакIалде




ккарав ТIадгъаквариса ИсмагIилов ИзрагIилил фермерасулаб магIишат.

Гьезие къуна грамотаби ва рекъон кколедухъ гIарцулал премияби: 20 000 гъур, 15 000 гъур, 10 000 гъур, 5000 гъур. Гьединго грамотаялдалъун кIодо гьавуна Гьигьихъа фермер КъуратмухIамадов МахIмудпандиги.

**МухIамад КъуратмухIамадов**

# Продолжается набор на контрактную службу

**Встань на защиту Родины - выбери службу по контракту!**

Защита Отечества, интересов государства, забота о его безопасности- одна из важнейщих обязанности гражданина. В связи продолжающейся специальной военной операции на территории Украины продолжается набор граждан на военную службу в ВС РФ по контракту.



Дагестанцы, заключившие контракт о прохождении военной службы в зоне СВО, получат до млн. единовременно:

500 000 рублей - от Республики Дагестан; 400 000 рублей - из федерального бюджета (заключившим контракт в период с 1 августа до 31 декабря 2024 года); не менее 100 000 рублей - от своих городов и районов.

Зарплата контрактника - от 204 тыс. рублей в месяц.

Социальные льготы и гарантии, предусмотренные для граждан, заключивших контракт на военную службу в Вооруженных Силах Российской Федерации:

возможность быстрого приобретения жилья за счет Минобороны России через накопительно-ипотечную систему; служебное жилье или компенсация за найм жилья; бесплатное обследование, лечение и реабилитация в военно-медицинских учреждениях; страхование жизни и здоровья за счет федерального бюджета; право на льготную пенсию после 20 лет службы; статус ветерана боевых действий и соответствующие льготы; единые дополнительные выплаты, льготы и гарантии субъектов Российской Федерации для военнослужащих по контракту; кредитные и налоговые каникулы; бюджетные места для обучения детей в вузах; за будущими контрактниками бронируются рабочие места; бесплатный отдых детей в летних оздоровительных лагерях.

**Военный комиссариат района**

Къокъго

## Военкоматалде вачIинчIони гIакIа

Октябралдасан хисизе буго повесткаялда рекъон военкоматалде вачIинчIони бахъулеб гIакIадул роценги. Гьанже багьана гьечIого повесткаялда рекъон рагъулав комиссариаталде вачIинчIони, кьезе ккола 30 азарго гъурущ штрафалъул.

Хъизамалъулаб гIуцIи, хIалтIи, гIумру гьабун вугеб бакI хисиялъул хIакъалъулъ лъазабичIони, ихтияр буго жеги 5000 гъурущ гIакIадул къотIизеги.

## Цого заманалда кIиго пенсия кьезе бегьула

Владимир Путиница гъулбас гьабуна СВОялда гIахьаллъи гьабулаго къурбанлъаразул къоло лъабго сониде щвезегIан гIумруялъул лъимал ругел хъизаназе цого заманалда кIиго пенсия кьезе бегьулин бихьизабураб законалда.

Гьезул цояб ккола инвалидлъиялъул пенсия, цогидаб - тIалаб гьабизе чи гьечIого хутIиялъул.

Цебе хъизамазе гьединаб ихтияр букIана лъимералъул микьго сон тIубазегIан.

# Гъоркьхъварщини турнир тIобитIана

Дагъаб цебе рорхатал мугIрузул борхалъиялда бугеб Гъокьхъварщини росулъ тIобитIана мугIрузул рекериялъул рахъалъ Россиялъул первенствоялда кIицIул тIоцебесеб бакI ккурав, Россиялъул спорталъул мастерлъиялде кандидат росуцояв Рамазан ГIабдулаевасул призалъе гIолилазда гьоркьоб рекериялъул турнир.



Исана лъабабилеб нухалъ тIобитIулеб буго турнир. Гьенир гIахьаллъана ункъракьалъул Силди, Гьакъо, Хъвайни, Метрада, Гъоркьхъварщини, ТIадхъварщини росабазул ва гьоболлъухъе ахIарал Кванхисел гIолилал.

Турнир рагьана ва гьелъул хIалтIи нухде бачана мугIрузул рекериялъул рахъалъ республикаялъул бетIерав тренер ГIабдулкарим ХIамзатовас.

Берцинаб хаслихълъиялъул тIабигIаталда тIугьдул гIадин ракIарун рачIарал гIисинал рекерухъабазул къокъабаз ва гьезул вакилзабаз берцин гьабун букIана турниралъул майдан.

Турниралъе спонсорлъи гьабуна Кизилюрталда ругел росуцоял предпринимателаз.

Рекериялъе чIезабун букIана лъабго батIияб категория, бергьаразе кьуна грамотаби, медалал ва гIарцулал сайгъатал.

ХIалуцарал кьецазул ккана хадур рехсарал хIасилал:

10-11 сон барал лъималазда гьоркьоб тIоцебесеб бакI ккуна Хъвайниса Насрулаев Увейсица, кIиабилеб бакI- Гъоркьхъварщиниса Раджабов ГIумарасхIабица, лъабабилеб бакI- ТIадхъварщиниса СагIитбегов Якъубица.

12-13 сон баразда гьоркьоб тIоцебесеб бакI ккуна ТIадхъварщиниса Раджабов МухIамадица, кIиабилеб бакI- Метрадаса Сулейманов МухIамадица.

14-15 сон барал гIолилазда гьоркьоб тIоцебесеб бакI ккуна Гъоркьхъварщиниса ХIажиев МуртазагIалица, кIиабилеб бакI- Кванхиса ГIусманов МухIамадица, лъабабилеб бакI - Гъоркьхъварщиниса ЖабрагIилов АхIмадица.

ЧIахIияб гIелалда гьоркьоб векерун бергьана Лабазанов ХIажимурад.

Бергьаразе кьуна грамотаби, медалал ва гIарцулал сайгъатал.

Турниралъул даража борхизаби мурадалда тIасияб соналъ гьеб районалъулаб масштабалда тIобитIизе жигар бахъизе бугилан абуна тадбиралъул ахиралда ГIабдулкарим ХIамзатовас.

**ХIабиб Давудов**

Литературияб бокIон



**ГIабдулатIип ГIисаев**

ГIабдулатIип ГIисаев гьавуна 1959 соналъ ГъачIилъ росулъ. ГьитIинго вукIун байбихьана кучIдул хъвазе. ЦIалун лъугIизабуна Агъвали гьоркьохъеб школа, хIалтIана Агъвали «Прогресс» заводалда художникллъун. ГIумру гьабун вуго Гъизляралда.

**Бичасул дин ккурал**
**Дунял рихарал,**
**Гъазават бокьарал,**
**Къалде хIасратал**
**ЯхI бугел бахIарзал**
**Багвал чIамалал.**

**(Сугъралъа ХIажимухIамад)**

## Салам, ЦIумада!

Ассаламу гIалейкум, гIагараб дир ЦIумада,
ГIедегIулев вуго дун хирияб тIалъиялде.
Эбел-инсухъ урхъараб хирияб лъимер гIадин
Йокьулелъухъ гIащикъав гIишкъу ккарав вас гIадин.

ГIадамаца дуда цIар ЦIумадаян тун буго
ЦIудул хасият бугеб васазул ватIан букIун.
Ассаламу гIалейкум, хириял магIарулал,
Дун талихIав-чи вуго нужер васлъун ватиялъ.

Бокьула дий чIаголъи чIамалазул васазулъ,
Бокьула бодул гугъар багвалазул васазулъ.
Бокьула тIиндадерилъ тIабигIаталъул гьунар,
Ункъракьалъул васазулъ умумузул яхI-намус.

Къадил мисал босарал, Парангил ирс босарал,
Лебалазул лебалал васалги нилъер руго.
МугIрузда тIугьдул гIадал, тIогьода наял гIадал,
Берциназулъ берцинал ясалги нилъер руго.

Аваразул яхI-намус рекIеда бикIун хъварал,
Дагъистаналъул къадру цIакъго борхатго ккурал
Загъалав шайихасул, Шамилил умумузул
Ассаламу гIалейкум, гIагараб дир ЦIумада.

Гьазул рекIел гIатIилъи, гIамалалъул гьитIинлъи,
ЦIаралъулги цо рекьей, ракьалъулги берцинлъи.
Ассаламу гIалейкум, хириял магIарулал,
Ассаламу гIалейкум, гIагараб дир ЦIумада!

## Гьигьалъ

Дун гIолохъабигун цо къваригIелалъ
Къалъул гIуж букIана Гьигьалъе щведал,
Шамил имамасул умумуз бараб
Мажгиталда жаниб жамагIат бана.

Мажгиталъул бокIнилъ гIисин къукъаялъ
Къуръан цIалулаго дун хIайранлъана,
Гьезий дарсал кьолев дагIват-ХIабибил
ХIикматаб вагIзаялъ асир гьавуна.

Щвана годекIанив кIудияб росдал
ЖамагIат буссараб данделъиялде,
КIудиял харбида тIинал гIенекун,
ГIадлу тадбир бугеб росу батана.

Къегьалазул рахъалъ машгьурав гIалим
ИмаммухIамадил мухIканго лъана,
ЯхI бугезул бода цIар босарав вас
ХIажардибир - наиб гьенив рехсана.

ТIагьаясул наслу Гьигьалъ батидал,
ЖамагIаталдехун рокьи цIикIкIана.
ЦIар бугел васазул росу батиялъ
РекIее кIудияб асар гьабуна.

Ичихъалаялде сапар гьабуна,
Тарих цIакъ некIсияб росу батана,
ЧIваднազде свераpаб сиялъ бицана
ЧIаголъи цебеги букIанин гьаниб.

ГIезегIан мех бана долдаса нахъе,
Лъим гIемер чвахана гьал кIалабахъан,
Гьанжеги Гьигьалъе цIалеб буго ракI
Дирго гьудулзаби рихьизе хьулалъ.

## Гьоболасде

Нагагь цIумадехун дур хиял ккани,
Хал гьабе, гьоболлъухъ щвечIого унге,
Гьоболлъухъ вачIарав вацлъун регIулеб
ГIадат бугин нижер расги нечоге.

Дуе бокьанани тира свериზе,
Росаби рихьизе, гIадамал лъазе
Ина нилъ тIоцере багвалалъехун
Бодул гугъар бугел васал рихьизе.

Цинги кьабун ина ТIиси-Ахикье,
Ах гIоралъ баччунеб жаниблъиялде,
АбулхIасаниде битIила ругьел,
Ражи бухун хинкIал хIадурун теян.

Рахина ТIиндире, щвела Акнаде
Шамил имамасул Сибир бихьизе.
Сур риидал пулел мугIрул рихьизе
ГIаздакьан чвахулел иццал рихьизе.

Ина мегIер бегун цинги Хъварщире
Шайх Загьаласул зияраталде,
Щвела Инхокъвари регьа гьекьезе,
Дир гьудулзабазухъ рогьила сордо.

Эчеда щвечIого нилъ бегьиларо,
Багьадур куцараб росулъидал доб.
Дагъистан заруца машгьур гьабураб
Васазул росулъе Силдире ина.

Сверила Сасикье, щвела Къедире,
Къадру умумузул ккурал васахъе,
Рахина Хушети, щвела Гьакъоре,
Гьудулзаби нилъер дораги ругел.

МугIрузул тIугьдузул тIинчI наялъ цIураб
ГьацIул кеп босизе Гьаквари ина.
Шамил имамасул умумузул ракь
Гьолалъ авалалде гьабила свери.

Рахьгун тIорахьалъул тIагIам бокьани,
Ина нилъ Гьадири гьобол хирияхъ,
Гьигьалъе щвечIого воре инаро,
Оцбай дозул доба жакъа рагIула.

Гьанже нух босила КIочIалибехун,
МугIрузул хурдузул чайги гьекъела.
Чорхое дагьабго свакги чучизе
Нилъерго чилъидал Чалухбегихъе.

## СаидхIусениде

Агъвалив мажгиталда
Имам цIияв тун вуго,
ГIенеккараз цIун буго
ЦIалулеб вагIза буго.

Амма дир рекIелъ дагьаб
Пашманлъи рещтIун буго,
Дир гьудул СаидхIусен
Жакъа чIагояль гьечIо.

Досул ругьунаб калам
Дида рагIулеб гьечIо,
ЖамагIатго бесдаллъун
ХутIараб хIисаб буго.

Чи батIа гьавичIого,
РагIи бадиб абулев,
РитIухълъи цIакъ хирияв
Инсанин дов вукIарав.

ГIалимзаби гьарзаяб
Замана бугониги,
ГIелмудул суалаз дун
Досухъ гIемер щолаан.

Досулгун ахирисеб
Дир данде чIвай букIана
Мажгиталъул ашбазалъ
Къалъул какдаса хадуб.

Кванана ва гьекъана
КIиялго гIодоги чIун,
РакI разияб харбида
ГIезегIан заман бана.

Дирго сахлъи цIехана,
Рокьосезул гьикъана,
Гьоболлъухъ ваккулареб
ГIамал щибан абуна.

Гьелдаса нахъе тIокIал
Ниж цоцада рихьичIо.
Сахлъи гьечIолъиялъ дос
Имамлъи тезе ккана.

Баркат бугеб ракьалда
ГIелмудул ицц кьинаро,
ГIалимзабазул баркат
Багвалалъ камиларо.

Къварилъиялда хадуб
Рохелги камуларо,
РакI бохулеб сайигьат
Ракьалда тун бугони.

Умумузул цIар кьурав,
ЦIаларазул ирс щварав,
ПирмухIамадилазул
ПирмухIамад нахъ вуго.

## Иман бугей яс

Дунялалъул ясакьа
Яс йищеян абуни,
Дицани мун йищила
Щибго щакълъи гьечIого.

Нагагь хвалда битIухъ ккун
Алжан дий насиблъани,
ХIурулгIиналъул бакIалъ
ХIелун мунго гьарила.

ЧIужу гIадан, дуль буго
Дунялалъул чIаголъи.
ЧIужу гIадан, мун йиго
Гьаб гIумруялъул маг1на.

Росасул малъ босарай
Иман бугей ясалъе
Алжан насибабилан
ХIадисаз бицун буго.

Иман бугей цо гIадан
АнцIго гIалим чиясда
Ящад гьаюн йигилан
ГIелмуялда хъван буго.

Ханги мискинчи вуго,
Йокьулелъ мугъ рехани.
Мискинчиги хан вуго,
Хиял ккаралъ къвал бани.

## ДагIба

ГIолохъанал рос лъадул
РагIи данде ккечIого,
ГIиси бикьинаб хабар
ДагIбаялде сверула.

ГIакълуйиш хадуб гьечIеб,
ГIамалищ данде ккечIеб,
Цоцаца хIехьолареб
ХIалалде гьал рачIана.

Гьанже дуйго бокьарай
ГIадан ялагьейилан,
Гьайги жиндирго къайи
БакIаризе лъугьана.

Гьанже сабру хварав ав
Ай гIодой юсинилан
НуцIил кIалтIа вегула,
ГурхIилин ккун батила.

Ццин бахьарай гIаданалъ
Босун бараб асда мал,
СанагIат гьечIелъуб щун
ГьакIан кIалгун хутIула.

Унтиялъул кутакалъ
КIихIи чIван вугев асда,
ТIаса галиги бегьун,
Алъги хазе гьабураб.

Руччабазул ццидакьа
ГIазан Аллагь цIунаги,
ЦIодорго рукIи гIадаб
Нилъее сабаб гьечIо.

## Мусудул

Дида гьадирисес гьедун абуна,
Жидер росулъ гIадал мусудул гьечIин.
Дицаги абуна, нужер мусудул
Васахъ инагьдулеб росулъа вугин.

Гьес дий гьимулаго жаваб гьабуна,
Бакъ къалъудаса ун къо хаслихълъанин,
РекIел хивалазде къан чангитги бан,
Хвалил пикрабазда вуссе дургоян.

Дицаги гьесие жаваб гьабуна,
Рокьул хивалазда херлъи лъаларин.
Хвалил пикрабазда гIорхъи лъаларин,
ГIумруялъул магIна гьедин бичIчIулин.

ОМВД

## Регистрация и разрешение заявлений и сообщений граждан

Уважаемые граждане! Органы внутренних дел призваны защищать права и свободы граждан, оперативно реагировать на любые тревоги и сигналы о происшествиях и преступлениях на территории района и за его пределами.

Существует определенный порядок приема и регистрации и разрешения заявлений и сообщений и иной информации об административных правонарушениях, преступлениях и происшествиях, а также обжалования действий сотрудников полиции и иных правоохранительных органов.

Поступившее в орган внутренних дел сообщение или заявление о происшествии, административном правонарушении или преступлении незамедлительно заносится в книгу учета сообщений о происшествиях и ему присваивается соответствующий регистрационный номер.

Поступающие сообщения граждан о преступлениях административных правонарушениях или о преступлении вне зависимости от места и времени совершения происшествий, а также полноты содержащихся в них сведений и формы представления, круглосуточно принимаются в дежурной части органа внутренних дел (телефон дежурной части 99-48-29, с мобильного телефона без кода или билайн 8 963 410 52 51 и 8 999 418 5303), также на оператор местной связи 2-52-34 код (273). Сообщения принимаются и по единому номеру вызова экстренной помощи по телефону 112.

Сообщение о происшествии может поступать в орган внутренних дел лично от заявителя, нарочным, по почте, по телефону, телеграфу, информационным системам общего пользования, факсимильным или иным видом связи. Для приема сообщений в электронной форме работает портал государственных услуг.

Вне органов внутренних дел сообщения о происшествиях обязаны принимать любые сотрудники органов внутренних дел, которые действуют в соответствии с требованиями, установленными Законом Российской Федерации «О полиции». При этом сотрудник фиксирует сведения о заявителе. Письменное заявление о преступлении может быть составлено заявителем в произвольной форме. В заявлении о преступлении заявитель предупреждается об уголовной ответственности по статье 306 Уголовного кодекса Российской Федерации за заведомо ложный донос.

Сотрудник органа внутренних дел, принявший сообщение о происшествии административном правонарушении или преступлении от заявителя, указывает в заявлении дату и время получения сообщения о происшествии, сведения о заявителе, а также свою фамилию, инициалы, должность и заверяет своей подписью.

Если происшествие не относится к компетенции органов внутренних дел или происшествие произошло на территории обслуживания другого органа внутренних дел, то все имеющиеся материалы после регистрации в книге учета сообщений о преступлениях в соответствии с законодательными и иными нормативными правовыми актами Российской Федерации передаются по последственности или в суд (по делам частного обвинения). Одновременно принимаются необходимые меры по предотвращению или пресечению правонарушения, а равно по сохранению следов правонарушения.

Если по результатам проверки усматриваются признаки состава преступления тного обвинения, то в соответствии с законодательными и иными нормативными правовыми актами Российской Федерации заявление и материалы проверки с сопроводительным письмом направляются мировому судье (за исключением случаев выявления признаков состава преступления, предусмотренного статьей 115 «Умышленное причинение легкого вреда здоровью» или статьей 116 «Побои» Уголовного кодекса Российской Федерации, когда лицо, подлежащее привлечению к ответственности, потерпевшему не известно).

Заявитель письменно информируется о принятом решении или о передаче его сообщения по последственности или в суд в течение суток с момента принятия решения. При этом заявителю разъясняются его право обжаловать данное решение и порядок его обжалования.

Если сообщение о происшествии поступило в орган внутренних дел при личном обращении заявителя, то одновременно с регистрацией сообщения о происшествии в книге учета сообщений о преступлениях в дежурной части органов внутренних дел оперативный дежурный оформляет талон-уведомление и выдает его заявителю.

В случае отказа в приеме заявления о происшествии и ее регистрации в дежурной части заявитель имеет право обратиться к должностным лицам, осуществляющим контроль за своевременностью, полнотой регистрации и соблюдением сроков рассмотрения сообщений о происшествиях, а также в случаях не согласия с принятым решением по результатам рассмотрения сообщения о происшествии заявитель имеет право обжаловать решение прокуратуру района, служебный телефон - 3-52-12 или по телефону горячей линии МВД России 98-48-48.

Сотрудники полиции всегда готовы помочь гражданам, и организациям и учреждениям в защите их законных прав и интересов.

**К. Абдулхаков,** начальник ОМВД России по Цумадинскому району

## Ответственность за целостность прибора учёта газа

Счётчик является собственностью абонента, однако представители газоснабжающей компании имеют право проверять, пригоден ли прибор. Жители дома обязаны предоставлять контролёрам доступ к счётчику для проверки. Более того, отказ абонента пускать контролёра к счётчику может послужить причиной прекращения подачи газа.

Потребителю газа следует помнить, что любые самовольные вмешательства в работу счётчика влекут за собой начисления по нормативу. Следы вмешательства в счетный механизм найти не сложно. Основные причины нарушения работы счётчиков -это приспособления, замедляющие работу и искажающие показания счётного механизма, повреждение пломб и внешней оболочки прибора.

Чем грозит вмешательство в работу счётчика?

После вмешательства «умельцев» в счётчики остаются следы -сколы, трещины, царапины. Специалисты всегда могут определить вмешательство, как бы тщательно «умельцы» его не скрывали. В таком случае счётчик признается неисправным, а объём потреблённого газа определяется в соответствии с нормативами потребления газа. Если при контрольной проверке вмешательство в работу счетного механизма подтвердится, то сумма, предъявленная к оплате, станет значительно выше, чем при исправно работающем счетчике. Поставщик газа прекращает учитывать показания счетчика и пересчитывает размер платы за природный газ. Поэтому, сэкономить, перекрутив табло счётчика, не получится.

Вся ответственность за сохранность пломб возлагается на потребителя (собственника жилого помещения) независимо от места установки счётчика.

Что делать если обнаружили, что счётчик не работает. Куда обращаться?

Обращаться необходимо в газоснабжающую организацию -причём желательно поставить её в известность в письменной форме. И сделать это надо незамедлительно. Если любая из пломб повреждена, то нужно также незамедлительно уведомить об этом поставщика газа.

Как обезопасить прибор от вмешательства?

Во-первых, чаще визуально осматривайте счётчик - на месте ли пломбы, нормально ли работает прибор. Во-вторых, на счётчик можно установить специальный защитный ящик. В-третьих, вы имеете полное право неотлучно присутствовать на проверке контролёром вашего счётчика.

По вопросам связанным с газоснабжением, а также для уточнения даты поверки прибора учёта газа обращаться в контакт-центр ООО «Газпром межрегионгаз Махачкала» по бесплатному номеру 8-800-200-98-04 (с 9 до 18 ч.).

Агъвали гимназиялъул хIалтIухъабаз гъваридаб пашманлъиялдалъул зигара балеб буго Хатимат АхIмадовалда гьелъул эбел

**РахIмат**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан. Хваралъе Алжан насиб гьабеги, нахъе ругезе сабру кьеги.

Лъайкьеялъул управлениялъул хIалтIухъабаз гъваридаб пашманлъиялдалъул зигара балеб буго Хадижат ХIасановалда гьелъул эбел

**РахIмат**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан. Иманалда тIойитIун, Алжаналъул агьлуялдаса ятаги.

Эркенаб гугари

## Юсуп ГIабдусаламовасул приз

Арал гIодоркъоязда Болъихъ тIобитIана олимпиялъул хIаязул гIарцулав призер. Россиялъул спорталъул мустахIикъав мастер Юсуп ГIабдусаламовасул призалъе эркенаб гугариялъул рахьалъ халкъазда гьоркьосеб турнир.



Гьенир цере рахьарал нилъер районалъул гIолохъабазда гьоркьоса тIоцебесеб бакI ккуна Хуштадаса ГIумар Зиявдиновас (97 кг.), гьебго цIайиялда кIиабилеб бакI щвана Гьигьалъа ХIажимурад Къадиловасе. Лъабабилеб бакIалде ккана Кванхиса АхIмад ХIамидов (74 кг.) ва Жамал АхIмадудинов, Гьадириса Рамазан Абузагьидов (86 кг.), ТIиндиса МухIамад ХIажимухIамадов (97 кг.) ва Гьигьалъа СаидмухIамад Гьаирбеков (125 кг.).

## Кудухов ракIалде щвеялъе турнир

11-13 октябралда Краснодаралда тIобитIана Россиялъул спорталъул мустахIикъав мастер Бесик Кудухов ракIалде щвеялъе эркенаб гугариялъул рахьалъ гIолилазда гьоркьоб (U-21) тIолгороссиялъул турнир.

Кидаго гIадин лъикI цере рахьана гьенир нилъер районалъул гугарухъаби.

Турниралъул чемпионаллъун рахьана Инхокъвариса Давуд Давудов (74 кг.) ва ТIиндиса МухIамадхIажи МухIамадов (97 кг.).

Гьигьалъа МухIамад ХIабибовасе (79 кг.) цIайиялда щвана кIиабилеб бакI. 74 кг. цIайиялда лъабабилеб бакIалде ккана ТIиндиса МухIамад ГIалибахIарчиев.

Гьенир бергьарал ва кIиабилеб бакI ккурал гугарухъабазе рес щвана Россиялъул первенствоялда гIахьаллъизе.

**Шамил Бадрудинов**

Налогалъулаб хъулухъ

## 1 декабрь щвелалде хIаракат бахъе налогал кьезе




БетIерав редактор Малачдибиров ГIубайдула СагIадулаевич 8 (87273) 2-52-44

Редакциялъул (издателасул) адрес: 368900 Дагъистан Республика, ЦIумада район, Кьенгьара росу, Заводалъул къватI, 4

«ЦIумадисезул гьаракь» газета гIуцIарал: Дагъистан Республикаялъул «ЦIумада район» муниципалияб районалъул администрация (ОГРН I020500562697)

Газета къватIибе биччана «Издательский дом «Дагестан» ГАУялъул типографиялда.

Адрес: 3670I8, МахIачхъала шагьар, Насрудиновасул проспект, I «А»
Тираж - I274
Газеталъул индекс: 5I377 (бащдаб лъагIалие) 63302 (лъагIалие)

Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул бальголъи гъорлъ бугел ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола.

Газета зарегистрирована Управлением Роскомнадзора по Республике Дагестан. ПИ №ТУ05-00434 от I5 июля 20I9 г.

Адрес электронной почты GoIostsumady@maII.ru